



# E-HANDOUT MATA KULIAH

# **GARAP PAKELIRAN**

## PERTEMUAN KE-16



**PROGRAM STUDI S-1 SENI PEDALANGAN**  
**INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA**

# **NASKAH PAKELIRAN PADAT**

Karya Tugas Akhir Mahasiswa

Prodi Pedalangan ISI Surakarta

**Naskah Pakeliran Padat**  
**Lakon:**  
**TRESNA SEJATI RETNA MARLANGEN**  
**A. Bagian *Pathet Nem***

Retna Marlangen *tancep* di tengah dengan ditutupi oleh dua kayon. *Buka kayon Uran-uran Dyah Retna Pelog Nem*, kayon klowong dicabut, tampil Jaya Kusuma dengan ditutupi *hakekat* irungan menjadi *Lancaran Pinjal Pelog Lima irama tanggung*. Jaya Kusuma *solah*, *hakekat* menghilang, irungan *Srepeg Durma Pelog Nem*, kemudian *sirep*, monolog.

JAYA KUSUMA : *Hahaha... Aku Pangeran Jaya Kusuma, putra raja Majapahit! Kaprawiranku tanpa tandhing, kondhang bagus lan sugih raja brana. Sapa sing wani ngendhak kekarepanku, klakon lebur tumpur dadi awu. Hahahaha!*

*Sirep wudhar* irungan seseg, bayangan Jaya Kusuma dibesarkan kemudian dientas, Retna Marlangen *ngelus dhadha*, bayangan dibesarkan menutupi lampu. Suasana kayon, tampil Retna Suwidi masuk *Ketawang Wedyasmara Pelog Nem* tampil Retna Suwidi dan Retna Marlangen, ketawang *sirep*, dialog.

RETNA SUWIDI : *Yayi Retna Marlangen, katon suntrut polatanmu, ana apa yayi?*  
R. MARLANGEN: *Dhuh kakangmbok Retna Suwidi, wonten salah satunggaling perkawis ingkang ngreridhu manah kula. Sawetawis hari menika kula rumaos prihatin dhateng tumindakipun Pangeran Jaya Kusuma ingkang tansah damel reresah wonten ing pundi-pundi papan. Ingatasipun putraning sang prabu Hayam Wuruk, teka darbe pakarti ingkang mboten pantes tinulad dening kawula Majapahit.*

*Ketawang suwuk, Pathetan Wirangrong Laras Pelog Pathet Nem*, dialog.

*Pathetan Wirangrong Laras Pelog Pathet Nem*

3 2 3 1 3 2 16 6

*Ditresna maring se- sa-mi*

5 6 i i i i i23 2i6

*Ing lahir tumekeng ba - tos*

3 5 3 5 3 5 3 5 3 5 62 i

*Ywa bine-da ti-tahing Hyang Maha A-gung*

i 2 i 6 56 54

*Sagunge du-ma- di*

4 4 4 46 46 23 21

*Ginanjar mring Hyang Suksma*

3 2 1 6 2 3 23 21

*Sayekti datan pra-be- da*

(Hadisoebroto, 1998 Hal: 24)

RETNA SUWIDI : *Pangeran Jaya Kusuma kondhang putra garwa paminggir kang kurang prayoga patrape. Wruhanira yayi, nalika Pangeran Jaya Kusuma ngancik udakara umur pitung tahun wus tinilar seda dening ibune. Kakangmbok Galuh Wangi seda konduran duk nalika nglairake putri Dewi Galuhwati.*

R. MARLANGEN : *Tegesipun Pangeran Jaya Kusuma dereng tutug ginulawenthah dening ibu.*

RETNA SUWIDI : *Iya yayi. Nanging yektine wus ora kurang anggone pun kakang lan kabeuh garwa ampeyan sang prabu paring wewarah marang Jaya Kusuma.*

R. MARLANGEN : *Nuwun inggih kakangmbok. Kejawi saking menika, kula mangertos bilih Pangeran Jaya Kusuma darbe pekareman aben*

*peksi gemak kanthi mawi totohan. Piyambakipun ugi remen nginum ingkang anjalari wuru, miwah gendhak sikara mring asanes.*

RETNA SUWIDI : *Iya yayi, adu gemak iku pekaremane wiwit cilik. Kawimbuhan Prabu Hayam Wuruk ora nate nggatekake putrane, mula sangsaya ndadra anggone murang trapsila. Kang iku anjalari saperanganing kulawarga lan para kawula nandukake rasa gething marang Pangeran Jaya Kusuma.*

R. MARLANGEN : *Pramila ingkang menika, tuwuhan osiking manah kula kepengin mulang muruk dhateng Jaya Kusuma, murih pulunan kula dadosa satriya ingkang luhur ing budi, pinunjuling jagad.*

### *Pathet Pelog Nem Jugag*

6 6 6 6 6 6 6 6 6 6 6 6

*Lir sapadingsun tu-miling hangu-la-ti*

2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 2 12

*Puspita ingkang medem endah kang war-ni,*

1.216.653.356.2

-O-

(S.Darsomartono, 1985 Hal:30)

RETNA SUWIDI : *Yagene sira darbe sedya mangkono yayi? Tangeh bisane kelakon ing atase Sang Prabu Hayam Wuruk wae ora bisa mrenahake putrane marang kabecikan. Apa maneh sira yayi?*

R. MARLANGEN : *Kakangmbok, ibaratipun tiyang sakit, Jaya Kusuma mbetahaken usada. Piyambakipun mbetahaken sih katresnaning kulawarga sageada nambel rengkaning penggalih, awit tinilar seda ibu ingkang sanget dipun tresnani.*

*Ada-ada Jugag Pelog Nem*

3 5 6 6 6 6 656

*Wanodya a- yu u-ta-ma*

2 2 2 2 21 1

*Mangambar a - rum*

2 2 2 2 21 6, 3

*Aruming ku-su-ma, -O-*

(Soeparno Hadiatmojo, 1983 Hal. 33)

RETNA SUWIDI : *Yayi, semono pangrengkuhmu marang Jaya Kusuma. Muga kasembadan gegayuhanmu.*

R. MARLANGEN : *Nuwun inggih kakang mbok, pangestu paduka ingkang kula suwun.*

RETNA SUWIDI : *Iya yayi.*

Iringan *Srepeg Lasem Pelog Nem*, *kombangan* masuk *ngelik*, Retna Marlangen berpamitan kemudian pergidientas ke kiri. Retna Suwidi dientas ke kanan. Tampil Retna Marlangen dengan sekarang kemudian *seseg*. Ganti adegan tempat adu burung puyuh. Tampil Jaya Kusuma iringan menjadi *Lancaran Deglung*, berjalan satu *rambahan* kemudian dientas. Jaya Kusuma bertemu dengan Dhadhung Gumilar, *sirep*, dialog.

JAYA KUSUMA : *Hahahaha... Dhadhung Gumilar, mesthi aku sing bakal menang. Gemakku katon luwih bregas, ora nyekukruk kaya gemakmu!*

DHADHUNG G. : *Aja kakehan sesumbar. Ayo.. buktekna.*

*Sirep wudhar*, Dhadhung Gumilar dientas, Jaya Kusuma kemudian dientas. Tampil kedua burung bertarung. Wadya 1 tampil menari sambil mabuk, kemudian melemparkan kendi mengenai burung puyuh milik Jaya Kusuma, *seseg*, iringan

menjadi *Srepeg Rengga*. Jaya Kusuma mengamuk, menghajar semua ora di tempat itu, tampil Dhadhung Gumilar menghentikan Jaya Kusuma, *suwuk*, dialog.

*Ada-ada jugag pelog nem*

6 6 6 6 6 6 6 6

*Jaja muntab lir kinetab,*

2 2 2 2 2 23 21

*Duka yayah si- ni -pi,*

2 2 2 2 2 21 6, 3

*Jajabang mawinga-wi-nга, -O-*

(Darsomartono, 1978 Hal. 33)

DHADHUNG G. : *Mandheg Jaya Kusuma! Kabeh wong kang melu adu gemak kok pilara, iki perkarane apa?*

JAYA KUSUMA : *Gemakku godres getih. Aku ora narimakake!*

DHADHUNG G. : *Kosik! Aja ngawur kowe!*

JAYA KUSUMA : *Mbuh ra idhep!*

DHADHUNG G. : *Welhadalah.... ngajak pasulayan!*

JAYA KUSUMA : *Iki sing kok jaluk*

Iringan *Srepeg Lasem seseg*, Jaya Kusuma berperang dengan Dhadhung Gumilar, iringan *tamban*, Jaya Kusuma kemudian kalah iringan *seseg*. Datang Retna Marlangen menolong Jaya Kusuma, *suwuk*.

DHADHUNG G. : *Keparat, sapa kowe?*

R. MARLANGEN : *Aku Retna Marlangen. Bibine Jaya Kusuma.*

DHADHUNG G. : *Yen kena tak kandhani, luwih becik kowe aja melu-melu celeng keboloten karo perkarane Jaya Kusuma. Apamaneh kowe sipate wong wadon, krubyuk kabutan pinjung, ora wurung.....*

Iringan sampak lasem pelog nem, Retna Marlangen memukul Dhadhung Gumilar. Dhadhung Gumilar jatuh, *cancut*, iringan menjadi *Palaran Durma*. Dhadhung Gumilar kemudian kalah iringan menjadi *Sampak Pelog Lima*. Dhadhung Gumilar mengamuk, Retna Marlangen kemudian melepaskan panah. Dhadhung Gumilar terkena panah iringan menjadi *Sampak Kebumen*. Dhadhung Gumilar dientas ke kiri. Tampil Retna Marlangen hendak pergi kemudian tampil Jaya Kusuma menghentikan Retna Marlangen, iringan *suwuk, Pathet Kagok Lasem*.

#### *Pathetan Lasem Pelog Nem*

6 6 6 6. 6 6 6 6 6.12 2.. 3.21.65.653

*Gara ga-ra ru-ha-ra gur- ni - ta, -O-*

3 5 6 6. 6 6 6 6 6 65 5.32.35.653

*Banyu meses musus lesus mawa- le - san,*

3 5 6 6. 6 6 6 6 6 65 5.6.532

*Harda molah na ja-jar bumi pa - la*

4 2.45656 2 1 21 6..5

*Ma - degmar-di-mar - di*

6 6 6 6 6 6 6.12 2.. 3.21.65.6.53 5.6

*Mar da -pa pisar-di - peng - rat, -O- -O-*

(R.NG.Martopangrawit, 1979 Hal:6)

JAYA KUSUMA : *Banget panarimaku, dene sira wus paring pitulungan marang aku.*

R. MARLANGEN : *Pancen wus dadi kuwajibanku minangka bibimu, kang paring pangayoman tumrap pulunanku dhewe.*

- JAYA KUSUMA : *Apa bener sira iku bibiku? Yektine jenengsira iku sapa?*
- R. MARLANGEN : *Aku adhine kakang mbok Retna Suwidi.*
- JAYA KUSUMA : *Adhuh.. menawi mekaten leres jengandika menika bibi kula. Nyuwun pangapunten awit pakarti kula ingkang nungkak krama dhateng bibi.*
- R. MARLANGEN : *Aja kaya mangkono.. Senadyan aku iki bibimu, nanging aku lan sira umure maksih sapantaran. Kang iku, ora susah nandukake tata basa marang aku.*
- JAYA KUSUMA : *Inggih.. eh.. Iya bibi Retna Marlangen. Aku ngungun marang kridhamu ora kaya wanodya sabaene. Lilanana aku ngangsu kawruh marang bibi Retna Marlangen.*
- R. MARLANGEN : *Ora bisa. Aku ora lila yen ngelmu kang kok persudi mung kanggo sumongah sesongaran.*
- JAYA KUSUMA : *Ora bibi.. aku wus jeleh marang lelakon uripku. Saiki, amung bibi Retna Marlangen kulawarga kang bisa dak percaya. Nanging aku ngrumangsani, mokal yen bibi gelem nampa Jaya Kusuma kang letuh ing dedosan iki minangka siswamu.*

### *Pathet Pelog Nem Jugag*

6 6 6 6 6 6 6

*Mung si-ra tuking arum*

612 2 2 2 2 2 2 2 22 2 2 2 12

*I - lining memanis ambale-ber mring kang cip-ta*

1.216.653.356.2

-O-

(S.Darsomartono, 1985 Hal:30)

R. MARLANGEN : *Jaya Kusuma.. aja nglokro kaya mangkono. Yen sira nyata-nyata  
kepengin nata uripmu ing marganing kautaman, aku saguh  
njurung pambiyantu.*

JAYA KUSUMA : *Bibi aja was sumelang, aku bakal mituhu dhawuh pangandikamu.*

*Srepeg Bayu*, Retna Marlangen dan Jaya Kusuma dientas ke kanan, seseg. Suasana *kayon*, tampil Patih Madu kemudian menerima kedatangan Dhadhung Gumilar, iringan *suwuk*, dialog.

### B. Bagian *Pathet Sanga*

#### *Ada-ada Pelog Sanga Jangkep*

5 5 5 5 5 5

*Bumi gonjang ganjing,*

2 2 2 2 2 2 23 2i

*Langit kelap-kelap ka-ton,*

i i i i i 2i 65

*Lir kincanging a-lis,*

1 1 1 1 1 61

*Risang maweh gandrung,*

2 2 2 2 2 16, 1

*Sabbarang ka-du-lu,-O-*

(S.Darsomartono, 1985 Hal:33)

PATIH MADU : *Dhadhung Gumilar, ana apa? Ora katimbalan sowan ing  
kepatihan, dleweran kringetmu krenggosan napasmu.*

DHADHUNG G : Ngaturi uninga ki patih, wonten ing papan aben-aben peksi gemak, kula pancabakah kaliyan satunggaling wanita ingkang paring pangayoman dhateng Pangeran Jaya Kusuma.

PATIH MADU : Lho.. sapa wong wadon iku?

DHADHUNG G. : Andadosaken ing kawuningan, wanodya menika Retna Marlangen.

*Ada-ada jugag*

5 5 5 5 5 5 5 5

*Jumangkah hanggro sru sesumbar,*

1 1 1 1 1 61

*Lindhu bumi gonjing,*

2 2 2 2 2 221 6, 1

*Gumaludhug gunturke-tug,-O-*

(S.Darsomartono, 1985 Hal:32)

PATIH MADU : Lho, dudu sabaene. Geneya Retna Marlangen gelem nulungi Jaya Kusuma? Mangka ora ana kang nggatekake marang wong ugungan iku.

DHADHUNG G : Nuwun inggih Ki Patih. Pranyata Retna Marlangen darbe kaprigelan ingkang linangkung.

PATIH MADU : Aku ora maido, pacent kawasisane ora kaya wanita saklumrahe. Dhasar sulistya ing warna, kiraku ora ana wong ayu ing jagad iki kajaba Retna Marlangen. Ora mokal yen aku gandrung kapiluyu marang wong wadon iku.

DHADHUNG G : Inggih Ki Patih. Kinten kula Retna Marlangen mboten nguciwani.

PATIH MADU : Nanging Retna Marlangen wus nampik katresnanku. Aku ora narimakake. Mula saka iku Dhadhung Gumilar, awat-awatana Retna Marlangen lan Jaya Kusuma. Perkara iki bakal dak aturke

*marang Sang Prabu Hayam Wuruk. Mbok menawa iki dadi srana  
aku bisa dhaup klawan Retna Marlangen, pepujaning atiku.*

DHADHUNG G : *Nuwun inggih, tansah kula candhi dhawuh paduka.*

Iringan *Srepeg Sanga Pelog*. Dhadhung Gumilar *dientas* ke kanan, Patih Madu *dientas* ke kiri. Tampil Jaya Kusuma dan Retna Marlangen, iringan *Ayak-ayak Sanga Pelog*, suwuk, dialog.

R. MARLANGEN : *Jaya Kusuma. Banget akarya bombonging rasaku, dene sira wus nyakup kanthi tapis ulah kridhaning prang pupuh.*

JAYA KUSUMA : *Banget panarimaku. Kabeh iki amarga sengkut anggonmu aweh piwulang. Bibi, aku kepengin prigel ing ulah kridhaning warastra. Kepriye carane?*

R. MARLANGEN : *Jaya Kusuma. Adege menthang gendhewa iku kudu sinurung rosaning pangesthi, laraping jemparing kasipat netra tumandhuk lesan kang tinuju. Anggonmu ngembat gendhewa larasen kanthi sumelehing rasa sarana nata lebu wetune napas pan anupus. Manunggaling bedhor kalawan lesan mamrih pratitise kudu sinurung manthenging pangesthi.*

JAYA KUSUMA : *Iya, bibi.*

R. MARLANGEN : *Mara waspadakna, Jaya Kusuma.*

Retna Marlangen membalik, mencabut panah dengan *Ada-ada Hastakuswala Sanga Pelog* oleh vokal putra. Retna Marlangen *solah* merentangkan panah. Iringan *Lancaran Seblak* dari gong 1 (*ji*). Retna Marlangen melepaskan panah. Pangeran Jaya Kusuma belajar memanah dibantu oleh Retna Marlangen. Jaya Kusuma mencoba memanah, iringan *seseg*, kemudian *dientas*. Retna Marlangen maju, iringan menjadi *Palaran Megatruh Tunjung Seta Pelog Nem*, Retna Marlangen *tebah jaja*. Retna Marlangen melepaskan anak panah ke Jaya Kusuma. Jaya Kusuma

terkena panah, iringan menjadi *Sampak Sanga Pelog Nem*.Jaya Kusuma mundur, *suwuk*, monolog.

JAYA KUSUMA : *Welha... bibi kepriye ta? Wah..sajak nggodha aku iki. Ya.Tak ladeni bibi.*

Iringan *Sampak Sanga Pelog Nem*, Jaya Kusuma balas memanah, Retna Marlangen terkena panah dan jatuh. Jaya Kusuma memegang tangan Retna Marlangen. *Singget, jineman Ayu Kuning, suwuk*, dialog.

JAYA KUSUMA : *Aku rumangsa luput dene nedya nyilakani bibi, kang wis minterake aku.*

R. MARLANGEN : *Jaya Kusuma. Pancen panjangkaku kaprawiranmu bisa ngungkuli gurumu.*

JAYA KUSUMA : *Bibi, aja dadi atimu yen aku matur kang sayektine. Apa luput yenta aku darbe rasa tresna marang Bibi Retna Marlangen?*

*Pathetan Maskumambang Limaran Pelog Nem* oleh vokal putri, *sirep*, dialog.

R. MARLANGEN : *Elinga cah bagus. Aku iki bibimu. Iba aloking jagad yen ana pangeran sambung karesnan klawan bibine dhewe. Aku ora bisa nampa karesnanmu.*

JAYA KUSUMA : *Bibi. Apa aku luput yen nresnani wanita kang wis agawe tentrem batinku? Wangsulana kanthi tulus lahir batin, apa bibi uga ngrasakke apa kang dak rasakake?*

*Buka celuk Ketawang Pocung Wuyung*, oleh vokal putra. *Sirep*, kemudian dialog.

R. MARLANGEN : *Pancen salawase urip durung ana priya kang bisa gonjingake rasaku, kajaba amung sira. Nanging aku ora wani ngumbar rasa iki, amarga sira iku pulunanku dhewe.*

JAYA KUSUMA : *Bibi, aja kaya mangkono. Aku ora bisa nresnani wanodya liya kajaba Bibi Retna Marlangen.*

*Sirep wudhar*, masuk *Srepeg Mataraman* dari gong 5 (*ma*), Retna Marlangen berbalik. Jaya Kusuma menggandeng tangan Retna Marlangen, keduanya dientaskan keluar, suasana kayon. Ganti adegan Keraton Majapahit. Iringan *Gending Manik Maninten Laras Pelog Pathet Lima*. Tampil Hayam Wuruk, Patih Madu, dan Gajah Mada, dan Retna Suwidi iringan *sirep, janturan*.

### ***Janturan***

*Mendhung anglimputi puraya gung Praja Majapahit temah agawe peteng. Kandheg lampahing maruta, riris datan enggal tibeng pratiwi, satemah ngemu hawa sumuk. Peksi-peksi lan sakehing iber-iberan lumuh kecablak ing tawang. Awit padha ndulu Sang Maharaja Sri Rajasanagara, nenggih Sang Prabu Hayam Wuruk kang kataman sungkawa. Marma katingal kuwuring tyas, yayah nggendhong kingkin. Labet menggalihaken patraping kang putra, nenggih Pangeran Jaya Kusuma, ingkang singlar saking angger-anggering kautaman. Anyarengi pasebane Patih Madu miwah Sang Mahapatih Gajah Mada, datan kantun Retna Suwidi marma dadya lejaring penggalih sang nata.*

Iringan *suwuk, Pathet Lima Jugagoleh* dalang, kemudian diteruskan vokal putra, dialog.

### ***Pathet Lima Jugag***

**3    3    3    123**

*Ruming mu-lat*

**3    3    235    321**

*ruming mu-lat,*

**1    1    1    45    654.21.216**

*Sorap sa-ri, -O-*

**6    6    6    6    6    6    1    2,    321.65**

*Ruming mulat sorap sa-ri, -O-*

(R.NG.Martopangrawit, 1979 Hal:1)

HAYAM WURUK : *Retna Suwidi, ana sawijining perkara kang bakal sun andharake marang jenengsira. Anut palapuraring Patih Madu, anggone Jaya Kusuma cecaketan klawan Retna Marlangen dadi gegonjinganing para kawula. Kekarone tansah runtung rerentengan, kaya tinemu mokal yen tanpa linambaran rasa tresnaning jalu lan wanita.*

RETNA SUWIDI : *Dhuh sang prabu, andadosaken ing kawuningan, bilih yayi Retna Marlangen mboten darbe sedya mekaten. Piyambakipun rumaos prihatos dhateng solah tingkahipun Jaya Kusuma ingkang beneh kaliyan pangeran sanesipun. Mila Retna Marlangen kegugah manahipun, rumaos gadhah tanggel jawab mranata pakartining Jaya Kusuma.*

GAJAH MADA : *Nuwun inggih sang prabu. Kula mangertos bilih Retna Marlangen sampun adamel putra paduka saged lerem anggenipun tumindak ingkang kirang prayogi. Awit miturut palapurnipun prajurit sandi, Jaya Kusuma sampun mboten adamel reresah wonten ing papan aben-aben peksi gemak.*

HAYAM WURUK : *Nanging Jaya Kusuma lan Retna Marlangen malah sesambungan tresna kang nerak angger-anggering praja. Yen*

*kedlarung-dlarung bakal nyuda kawibawane Majapahit. Mula kekarone bakal sun pisahake. Retna Marlangen bakal sun dhaupake klawan Pangeran Anden, putrane Adipati Arya Bangah.*

*Ada-ada jugag*

5 5 5 5 5 5 5

*Leng-lenging driya mangu-mangu,*

1 1 1 1 1 1 1 61

*Mangungkung kandhuhan rimang,*

2 2 2 2 2 21 6, 1

*Lir lena tanpa ka-nin,- O-*

(S.Darsomartono, 1985 Hal:29)

PATIH MADU : *Dhuh sang prabu, langkung prayogi perkawis menika dipun penggalih kanthi premati. Sedya paduka badhe misahaken Retna Marlangen kaliyan Pangeran Jaya Kusuma kula condhong sanget. Nanging menawi Retna Marlangen badhe kadhaupaken kaliyan putranipun Adipati Arya Bangah, menapa sampun katingal darma bektinipun Pangeran Anden? Kamangka kathah sentana praja ingkang langkung kathah lelabetanipun dhateng Majapahit.*

GAJAH MADA : *Sang prabu, kinten kula sampun trep menawi Pangeran Anden nampi kanugrahan menika. Awit Pangeran Anden menika salah satunggaling taruna ingkang wicaksana miwah prigel ing tata kaprajan. Malah menika saged dados srana muwuhi raketeng kekadangan antawisipun Majapahit lan Kadipaten Singgelapura.*

HAYAM WURUK : *Iya Mahapatih, bener kang dadi aturmuh. Retna Suwidi, perkara iki takpasrahake marang jenengsira. Mangsa borong anggonmu ngreripih marang adhimu, Retna Marlangen.*

RETNA SUWIDI : *Nuwun inggih, ngestokaken dhawuh.*

Iringan *Srepeg Sanga Pelog*, Retna Suwidi pamit keluar, semua *dientas*. Ganti adegan tempat berlatih Jaya Kusuma dan Retna Marlangen, *suwuk, buka celuk Jineman Adu Semu Pelog Nem*. Retna Marlangen dan Jaya Kusuma memadu kasih, *srepeg Gudhawa,sirep*.

JAYA KUSUMA : *Bibi, sih katresnanmu wus aweh pepadhang tumrap lelakon uripku. Iba mareming atiku, yen bisa urip sesandhingan klawan bibi Retna Marlangen.*

RETNA SUWIDI : (Retna Suwidi tampil dari kanan) *Ora ngira jebul asor bebudenmu!*

Iringan *Sampak Sanga seseg*, Retna Suwidi *dientas* ke kanan. Retna Marlangen melepaskan pelukan Jaya Kusuma, kemudian *dientas* ke kanan, diikuti Jaya Kusuma. Retna Marlangen bertemu dengan Retna Suwidi, *suwuk*.

RETNA SUWIDI : *Ora ngira jebul gegayuhanmu mung kanggo nasapi nisthaning tumindakmu.*

R. MARLANGEN : (ater-ater keprak, iringan menjadi *Srepeg Mataram sirep*) *Kakang mbok, sampun ngantos salah tarka, kula...*

RETNA SUWIDI : *Cukup!Aku wis ora perlu krungu wangulanmu.Yen ngono bener pangandikane Prabu Hayam Wuruk.Amrih ora kedlarung-dlarung anggonmu sambung katresnan klawan Jaya Kusuma, dina ikisira bakal kadhaupake klawan Pangeran Anden saka Singgelapura.*

Iringan *Sampak Sanga Pelog*, Retna Marlangen *tebah jaja*, mundur, *suwuk*.

*Ada-ada tlutur*

235 5 5 5 5 65

*Wa-danani-ra la-yung,*

2 1 2 3 1 1 1 1 216, 1

*kumel kucem rahnya mara- ta -ni, -O-*

(S.Darsomartono, 1985 Hal:21)

R. MARLANGEN : *Kakangmbok, kula mboten saged nampi dhawuh menika. Nyuwun pangapunten.*

*Sampak Tlutur Pelog Lima*, Retna Marlangen pergi meninggalkan Retna Suwidi. Tampil Jaya Kusuma mengejar Retna Marlangen. Adegan di tengah hutan, iringan menjadi *Kemanakan Welasana Amba Pelog Lima*, tampil Retna Marlangen memegang hakekatdi gawang tengah, janturan.

### *Janturan*

*Wauta, sangsaya tebih playune ngambah sajroning wanadri Sang Dyah Ayu Retna Marlangen. Salit miwah lungkrahing salira datan den paelu. Nganti sebit rontang ranting, karerendhet ing ri bebondhotan kulit lan busanane. Ketang tresnanira mring Pangeran Jaya Kusuma, kadya linolos bebayune angga, sanalika dhawah nglumpruk tanpa daya. Datan kendhat denira anenutuh dhiri, labet awrating lelampahan.*

*Srepeg Tlutur*, Retna Marlangen membalik membuang hakekat, sirep, dialog.

R. MARLANGEN : *Hyang Maha Agung, kenging menapa jagad kula peteng kados mekaten? Sakalangkung awratbebenduning jagad ingkang kedah kula sandhang. Dhuh.. Dewa.. Dewa.. keparenga paring sih kawelasan dhateng kula.*

PATIH MADU : (tampil Patih Madu) *Retna Marlangen.*

*Sampak Sanga Pelog.* Tampil Patih Madu menghampiri Retna Marlangen, *suwuk*. *Ada-ada Pelog Barang* oleh dalang, kemudian dilanjutkan oleh vokal putra, dialog.

### C. Bagian *Pathet Manyura*

#### *Ada-ada Pelog Barang*

7 7 7 7 7 5 6 7

*Sigra bala kang tumingal,*

3 5 6 6 6 7 566

*Acampuh samya nge- da-li,*

7 7 7 7 7 7 7 67

*Lir thathit wileting ga-da,*

2 2 2 2 2 27 6, 2

*Dahyang gung manguncang ni- di,-O-*

(R.Supanggah, dkk., 1980 Hal.26)

PATIH MADU : *Hahahaha... Mula ta mula, kowe nampik katresnanku, jebul malah sesambungan tresna klawan pulunanmu dhewe. Hahaha.. Coba pikiren kanthi wening, yen kowe gelem karo Patih Madu, mesthi bakal urip mulya. Ora kedharang-dharang tekan alas kaya ngene iki!*

Iringan *Srepeg Durma Pelog Barang*, Retna Marlangen memukul Patih Madu. Patih Madu jatuh kemudian *sirep*, dialog.

PATIH MADU : *Wong ayu.. Ora papa kowe mulasara aku! Aku ora bakal runtik. Aku isih tresna karo kowe!*

R. MARLANGEN : *Ora sudi!*

PATIH MADU : *Ora papa wong ayu.. Ayo meneh. (Retna Marlangen memukul Patih Madu) Weladalah... yen diantemi wong ayu ki rasane kaya dipijeti ya. Ayo... ora papa aku ngampet larane.*

Iringan *wudhar*, Retna Marlangen terus menyerang Patih Madu, seseg. Patih Madu mundur *suwuk*, dialog.

PATIH MADU : *Wah... ora kena ginawe becik. Yen Patih Madu ora ngukup, Jaya Kusuma ora ngukup, apamaneh Pangeran Anden, ora wenang nduwensi Retna Marlangen.*

Iringan *Sampak Nempis Pelog Barang*, Patih Madu mencabut keris kemudian *dientas*. Patih Madu dan Retna Marlangen perang keris. Retna Marlangen terdesak, seseg, tampil Jaya Kusuma memanah dari kejauhan. Patih Madu mati iringan *Sampak Pinjal*. Tampil Retna Marlangen melihat mayat Patih Madu iringan *Sampak Pelog Barang*, Retna Marlangen *dientas* ke kiri. Retna Marlangen bertemu dengan Jaya Kusuma. Kemudian tampil Hayam Wuruk, Retna Marlangen dan Jaya Kusuma menghadap Hayam Wuruk, iringan *suwuk*.

HAYAM WURUK : *Cetha letuh bebudenmu! Kowe wis mateni Patih Madu, nayaka praja kang gedhe lelabuhane tumrap negara.*

R. MARLANGEN : *Dhuh sang prabu.. sadaya lepat nyuwun pangaksami. Yektosipun Jaya Kusuma sampun ngluwaraken kula saking bebaya pejah, awit pokalipun Patih Madu ingkang murang tata. Pranyata Patih Madu nandukaken raos sengit labet kula sampun nampik katresnanipun duk nalika semanten.*

HAYAM WURUK : *Kowe karo Jaya Kusuma padha wae. Pakartimu sakloron mung ngucemake kulawarga Majapahit.*

R. MARLANGEN : *Inggih.. kula ngrumaosi kalepatan kula.*

HAYAM WURUK : *Kowe sakloron kudu sun pisahake. Dina iki sun tetepake, Retna Marlangen kudu dadi jatu kramane Pangeran Anden.*

Iringan *Sampak Tlutur Pelog Barang* Retna Marlangen *tebah jaja*, menyembah Hayam Wuruk, *sirep*, *Srepeg Tlutur Pelog Barang*. Jaya Kusuma kaget, dialog.

JAYA KUSUMA : *Ora.Tresnaku muhung marang Bibi Retna Marlangen.*

Iringan *Sampak Tlutur Pelog Barang* Jaya Kusuma *dientas*, Hayam Wuruk *dientas*. Retna Marlangen kebingungan. *Singget*, Retna Marlangen jatuh, *Uran-Uran Penutup*, narasi.

*Remuk rempu jroning tyas. Tresna suci wus tan bisa nyawiji.*

Tampil bayangan Jaya Kusuma, kemudian diperbesar, menghilang. Tampil Pangeran Anden dengan *klowong* kemudian *dientas*, Retna Marlangen berdiri. *Tancep Kayon*.

TANCEB KAYON